



OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

Office for Civil Rights

U.S. Department of Health
and Human Services

200 Independence Avenue, SW.
H.H.H. Building, Room 509-F

Washington, D.C. 20201

TELEFÒN

1-800-368-1019

IMÈL

ocrmail@hhs.gov

TDD

1-800-537-7697

www.hhs.gov/ocr

KONNEN DWA YO KI PWOTEJE MOUN KI GEN ANDIKAP YO KONT DISKRIMINASYON

Kisa Seksyon 504 lan ye?

Seksyon 504 lan fè pati Lwa 1973 lan sou Reyabilitasyon: yon lwa federal ki pwoteje moun kont diskriminasyon sou baz andikap. Nan kad lwa sa a, yo pa ka mete deyò oswa refize moun ki gen andikap opòtinite pou resevwa avantaj ak sèvis apati sèten pwogram.

Kisa Tit II nan Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo ye?

Tit II nan Lwa pou Ameriken ki gen Andikap yo (ADA) se yon lòt lwa ki entèdi diskriminasyon kont andikap. Li aplike ak tout ajans gouvènman lokal ak Eta yo epi ofri pwoteksyon ki parèy ak Seksyon 504 lan.

Ak kiyès lwa sa yo aplike?

Seksyon 504 lan aplike ak antite ki resevwa asistans finansye nan men nenpòt depatman oswa ajans federal, ansanm ak Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini an (HHS). Antite sa yo gen ladan yo lopital, fwaye retrèt, sant sante mantal ak pwogram sèvis sosyal. Biwo pou Dwa Sivil yo (OCR) nan HHS asire l antite k ap resevwa asistans finansye federal yo konfòme yo ak lwa sa yo. Tit II ADA a aplike ak tout ajans gouvènman lokal ak Eta yo, kit yo resevwa asistans finansye federal ou pa.

Kiyès ki kalifye kòm moun ki gen andikap?

Seksyon 504 lan defini yon moun ki gen andikap kòm yon moun ki gen yon defisyans fizik oswa mantal ki limite youn oswa plis nan gwo aktivite nan lavi yo nan yon fason konsiderab. Gwo aktivite nan lavi yo gen ladan yo swen tèt ou, mache, wè, tandè, pale, respire, travay, egzekite travay manyèl epi aprantisaj.

Kèk egzanp defisyans ki gendwa limite gwo aktivite nan lavi yo nan yon fason konsiderab gen ladan yo: VIH/SIDA, avèg oswa vizyon ki fèb, kansè, soud, dyabèt, maladi kè, andikap

Sa gen ladan l you moun ki gen yon pase defisyans fizik oswa mantal ki limite youn oswa plis nan gwo aktivite nan lavi yo nan yon fason ki konsiderab oswa ki te sibi yon aksyon diskriminasyon akoz yon defisyans fizik oswa mantal ki aktyèl oswa moun gen pèsesyon sou li

Kijan moun ki gen andikap yo jwenn pwoteksyon nan men lwa sa yo?

Antite piblik ak sila k ap resevwa finansman HHS yo pa

- Refize otorize yon moun ki gen yon andikap patisipe nan, oswa benefisyè, sèvis, pwogram oswa aktivite yo paske moun lan gen yon andikap.
- Aplike kritè kalifikasyon pou patisipasyon nan pwogram, aktivite ak sèvis ki retire oswa ki gen tandans pou retire moun ki gen andikap, amwenske yo ka etabli kritè sa yo nesèsè pou founi sèvis, pwogram oswa aktivite yo.
- Founi sèvis oswa avantaj bay moun ki gen andikap atravè pwogram ki separe oswa diferan, amwenske pwogram separe yo nesèsè pou asire avantaj ak sèvis yo efikas menm jan.

Antite piblik ak sila yo k ap resevwa finansman HHS yo dwe:

- Founi sèvis, pwogram ak aktivite nan anviwonman ki plis favorize entegrasyon ki apwopriye ak bezwen moun ki gen andikap ki kalifye yo.
- Fè modifikasyon ki rezonab nan politik, pratik ak pwosedi pou evite diskriminasyon sou baz andikap, amwenske yo ka demontre yon modifikasyon t ap deteryore fondamantalman nati sèvis, pwogram oswa aktivite yo an.
- Asire yo pwogram, aktivite ak sèvis yo an aksesib epi pare pou moun ki gen andikap yo sèvi.
- Founi èd segondè san frè anplis bay moun ki gen andikap, kote sa nesèsè, pou asire komunikasyon efikas ak moun ki gen defisyans pou tandè, wè oswa pale. Èd segondè yo gen ladan yo, men yo pa limite ak, sèvis oswa aparèy tankou: entèprèt ki kalifye sou plas oswa sèvis entèpretasyon adistans nan videyo (VRI), moun k ap pran nòt, aparèy ki pou amelyore tandè, soutit ak dekodè pou televizyon, pwodui ak sistèm telekomunikasyon, lektè ki kalifye, tèks ki anrejistre, dokiman ki ekri an Braille ak dokiman ki ekri ak gwo karaktè.

Pou plis enfòmasyon, vizite nou nan: www.hhs.gov/ocr
Biwo pou Dwa Sivil Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini

Kijan pou depoze yon plent pou diskriminasyon ak Biwo pou Dwa Sivil lan (OCR)

Si ou kwè ou oswa yon lòt moun te sibi diskriminasyon akòz andikap nan men yon antite k ap resevwa asistans finansye nan men HHS, ou oswa reprezantan jiridik ou an gendwa depoze yon plent ak OCR. Ou gen dwa depoze plent yo nan espas 180 jou apati dat ou sipoze diskriminasyon an te fèt lan.

Ou gendwa voye yon plent ekri oswa ou gendwa ranpli epi voye Fòmilè Plent OCR lan ki disponib sou paj wèb nou an nan www.hhs.gov/ocr. Fòmilè plent lan disponib tou sou paj wèb nou an nan yon kantite lòt lang anba Enfòmasyon sou Dwa Sivil yo nan seksyon Lòt Lang yo.

Enfòmasyon ki suiv yo la dwe gen ladan yo:

- **Non, adrès ak nimewo telefòn ou.**
- **Ou dwe siyen non ou sou tout sa ou ekri. Si ou depoze yon plent nan non yon moun — pa egzanp: mari/madanm, zanmi, kliyan, elatriye — mete non, adrès, nimewo telefòn ak deklarasyon relasyon ou ak moun sa a.**
- **Non ak adrès enstitisyon oswa ajans ou kwè ki diskrimine an.**
- **Kilè, kijan ak poukisa ou kwè diskriminasyon an te rive.**
- **Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan.**

Si ou voye plent lan nan lapòs, asire ou pou voye l nan atansyon manadjè rejyonal biwo rejyonal OCR ki apwopriye an. OCR gen dis biwo rejyonal epi chak biwo rejyonal kouvri eta ki espesifik. Ou gendwa voye plent yo nan lapòs bay Katye Jeneral OCR lan nan adrès ki suiv lan la:

Office for Civil Rights
U.S. Department of Health and Human Services 200
Independence Avenue, SW.
H.H.H. Building, Room 509-F
Washington, D.C. 20201

Pou aprann plis:

Vizite nou sou entènèt nan www.hhs.gov/ocr Rele nou gratis nan 1-800-368-1019 Ekri nou imèl: ocrmail@hhs.gov
TDD: 1-800-537-7697

Gen sèvis asistans lengwistik pou zafè OCR ki disponib epi yo bay yo gratis. Sèvis OCR yo aksesib ak moun ki gen andikap.

www.hhs.gov/ocr